*Ассаламу гIалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

**ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»**

**№35 (60555) * 2020 с. * 28 сентябрь * 11 сафар *** 1442 с. * итни *

*цIиял харбал*

## ОПЕРАТИВИЯБ ШТАБАЛЪУЛ ДАНДЕЛЪИЯЛДА



**16 сентябралда республикаялъул коронавирусалъул инфекция тIибитIичIого букIиналъул Оперативияб штабалъул данделъи гьабуна Республикаялъул бетIер В. Васильевас. Гьениб Республикаялъул бетIерас загьир гьабуна жиндирго пикруги: «Нилъеца тIадеги гIорхъичIваял гьаризе кколаро, гьабсагIаталда ругел гIорхъичIваял тIуразаризе ккола киналго».**

Республикаялда коронавирусалъул инфекция тIобитIиялъул баян кьуна Роспотребнадзоралъул регионалияб Управлениялъул нухмалъулев Н. Павловас. Республикаялда унтаразул къадар цIикIкIине байбихьиялъул аслияб гIиллалъун гьес рикIкIана миграциялъул къадар цIикIкIин. Цо къадаралъ коронавирусалъул унтиялъул инфекция багъаризабулеб буго гочарулеб боцIихъанлъиялда хIалтIулел гIадамазги, гьел аскIор ругел регионазде унел рукIиналъ. КIвар буссинабуна гьединго гIемерал гIадамал ракIарулеб бакIалде араз жидерго хъизан - лъималазде гьеб бахине гьабиялъе кверсбакъи гьабулеб букIиналъулги. Кьварараб гIорхъичIвай ва гьелда хадуб бербалагьи гьабураб заманалда коронавирусалъул инфекция тIибитIизе гьаби дагълъун букIана, хадуб гьеб бигьалъиялде бачараб мехалда гIадамал цIакъго гIодоре риччана. ГIемерисез маскаби рахъана, цоцада гьоркьоб цIунизе кколеб манзил кIочон тана, гIемерал гIадамал ракIарулеб бакIазде хьвадизе байбихьана. Гьеб киналъго унтарал гIадамазул къадар цIикIкIиналде рачана. Республикаялда бугеб Роспотребнадзоралъул регионалияб Управлениялъул нухмалъулев Н. Павловас тIадеги цIикIкIарал гIорхъичIваял гьаризе ккараб хIал гьечIилан лъазе гьабуна. Гьебго заманалда лъабабилеб этапалъул гIорхъичIваялде гали босизе жеги хехго бугилан абуна. Жакъа къоялде бугеб аслияб масала ккола Роспотребнадзоралъул тIалабал ва рихьизарияб чара гьечIого тIуразаризе ккей. Роспотребнадзоралъул нухмалъулесул рахъ ккуна Республикаялъул сахлъицIуниялъул министр Ж. ХIажибрагьимовас.

**Суратазда:** Республикаялъул бетIер В. Васильев

### Баркула



**Хириял ветераназ, нижер хараби!**

РакI – ракIалъ баркула нужеда халкъазда гьоркьосеб харабазул къо!

Нуж руго нилъер пачалихъ, нилъер ракь, нилъ фашизмаялъул лагълъиялдаса хвасар гьарурал, нилъеда сверухъ бугебщинаб квераз гIуцIарал, гьеб кинабго цIунарал, ракI бацIадал, даимаб реццалъе ва адабалъе мустахIикъал гIадамал.

Нужеца цIунана магIарул намусги, яхIги, цIунана умумузул гIадатал ва ирсалъе кьуна гIун бачIунеб гIелалъухъе. Нуж мустахIикъал руго тIадегIанаб адабалъе ва хIурматалъе.

Гьарула нужее чорхое сахлъи, халатал соназул ракълилаб, паракатаб гIумру. ХутIайги рохараллъун ва чIухIараллъун хъизан – лъималаздаса ва лъималазул лъималаздаса.

**Р. МАЛАЧИЛОВ**
**районалъул бетIер**

## ХIАЛТIУЛАБ САПАРГУН

**22 сентябралда нилъер районалде хIалтIулаб сапаргун вачIун вукIана тIолгороссиялъул рагъул, захIматалъул, рагъулал къуватазул ва ихтиярал цIуниялъул ветераназул общественнияб гIуцIиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул нухмалъулев М. ГIалиджанов.**

Гьес дандчIвай гьабуна районалъул бетIер Р. Малачиловасулгун. ДандчIваялдаса хадуб гьабуна районалъул ветераназул Советалъул членазулгун гIадатияб данделъи. Гьениб гьоркьоб лъун хал гьабуна районалъул общественнияб гIуцIиялъ гьабураб хIалтIул ва хадубккун кIвар кьезе ккаралъул. Гьабураб хIалтIул баян кьуна районалъул ветераназул Советалъул нухмалъулев Б. МухIамадовас. Данделъиялда рорхана жакъа къоялде общественнияб гIуцIиялда бегIерго цере чIарал суалал, гьездаго гьоркьор ветераназул рукIа – рахъиналъул шартIал рорхизе гьаризе ккеялъулги.

Суратазда: ДандчIваялда





# МОГЬОХЪ ШКОЛАЛДА РЕМОНТ

**2020 соналда «100 школа» проекталда рекъон капиталияб ремонталъулал хIалтIаби гьаризе хIисабалде босараб объект ккола Могьохъ школа. Гьениб хIалтIаби гьаризе тIобитIараб тендер бергьана «Анар Юг - строй» фирмаялъ. ХIалтIаби тIад ран унел руго.**

ТIаса бахъана тIох, бахъулеб буго гIодоб кьабураб хьарщи. Октябрь моцI лъугIизегIан фирмаялъ тIоритIизе ккола гIемерал хIалтIаби: шифералъул бакIалда кквезе ккола мах, хисизе ккола токалъул мухъал, гьаризе ккола классазда жанир ремонталъулал хIалтIаби.

16 сентябралда Могьохъ школалде щвана районалъул бетIерасул заместитель А. Маликов. Гьев дандчIвана школалъул директор А. МухIамадовгун ва ремонталъулал хIалтIаби гьарулел ругел фирмаялъул вакил Р. ГIабдулаевгун. ДандчIваялда А. Маликовас хIалтIаби цIараб бол-





жалалда ва тIадегIанаб качествоялда гьабизе ккеялда тIадчIей гьабуна. Гьаниб рехсей гьабичIго гIоларо «I00 школа» проекталда хIалтIизабулеб буго республикаялъул ва районалъул бюджеталдаса сурсатал гуребги спонсоразул кумекги. РакIалде щола школалда гьарулел ремонталъулал хIалтIаби жиндир заманалда ва тIадегIанаб качествоялда тIоритIилилан ва Махъадерил жамагIат гьелдаса разиго хутIилилан.

**Суратазда:** Могьохъ школалда ремонт гьабулеб

## ХIурматияб Хьаргаби росдал жамагIат

Гьаб соналъул 11 – 13 сентябралда 6 абилеб ахIиялъул Хьаргаби росдал Собраниялъул депутатлъиялде тIоритIарал рищиязда дица лъун букIана дирго кандидатура. Гьениб жамагIаталъ дида божилъи гьабуна ва дун вищана депутатлъун. Дица дихъа бажарараб щинаб хIалтIи гьабизе буго нужер божилъи ритIухъ гьабизе. Нужее ракI – ракIалъулаб баркала.

М. ГIумаров, Хьаргаби росу

---

❁ *1 октябрь - Халкъаздагьоркьосеб ригь аразул къо*

# ХЕРЛЪИГИ БЕРЦИНАЛ, ГIУМРУГИ КАМИЛАЛ...




**Херлъиялдаса баракат бугеб жо гьечIебила, - абула, гьелде тIаде хьвазе бегьула, тIаде бачIун гурони тIаса унареб жо бугин херлъи, - абун. Сонал рарагIан якьинаб буго чиясул чорхолъ загьирлъула хиса-басиял, унтаби. ООНалъ I990 соналъул I4 декабрялда тасдикъ гьабуна Халкъаздагьоркьосеб ригь аразул къо I октябралда кIодо гьабизе. Дунялалда ригь аразул гIумру-яшав батIи-батIиял хIукуматазда цо кьагIидаялда гьечIо, гIумруялъул захIмалъабазе квербакъи-кумек гьабизе ккараб хIал буго.**

Россиялда 1992 соналъул 1 октябралдасан кIодо гьабизе байбихьана байрам. Гьеб байрамалда цояз харабазул, цояз ригь аразул,цояз херазул къо абула. Кин ва лъица абуниги гьел цолъизаризе бегьула, гьел руго нилъее щивасе хириял гIадамал, нилъер киназулго гIумрудул нух битIараб букIине малъарал, нилъее тарбия-лъай кьурал насихIатчи. Нилъер щивасул умумузул гIумру-къисмат цоцада релъараб букIинчIониги, гьел кидаго рукIана ва руго рукъ берцин гьабулел гIадамал. Гьез малъухъе рукIиналдалъун цоял тохтур, мугIалимал, гIумруялъул бутIаялда хIалтIизе специалистал рахъине институтазда цIализе гьаруна.

Гьанже гьел хIалхьиялда руго, гIодор лъун квералги гьел чIоларо. РухI-жан букIаго гьез кумек ва квербакъи гьабула нилъер рукъбакIал рацIад чIезабизе, лъимал хьихьизе, ах - хуралъул хIалтIаби гьаризе. Нужер гIакъилаб малъахъваял росабазул жамагIатазеги, рукъ-бакIалъулазеги цIакъ кIвар бугеб, хIажатаб ва меседилаб кидаго букIана.

Сонazда ругезул адаб-хIурмат гьаби нилъер Дагъистаналда кидаго хассаб букIана. Гьеб буго Дагъистан халкъалъул тIокIлъиги. Харабазул адаб гьаби беццараб буго диналдаги. Кавказалъул республикаяздаги, Дагъистаналдаги ригь арал чIахIиял ругеб рукъалда нур букIунин хасаб абула. Гьезие щвалде-щвараб хьулухъ гьабула, лъикIаб квине, лъикIаб ретIине, кидаго рацIад чIезарула, гьеб хьулухъ кири цIикIкIараб букIунин абула.

Дагъистан халкъалъул социалияб ва хъизамалъулаб гIумру наслабаз наслабахье кьун кидаго чIахIияздехун адаб цIунараб буго. Жакъаги ва нус-нус соназ цебеги сундалъун борцунеб букIараб гьеб тIалаб цIуни .Абула ригь арал чIахIиязда цIакъ лъикI лъалаанила цересел умумуз хIалтIизарулел гIадатал. Бокьараб рукъове жаниве кIудияв чи вачIани гьесул цIар лъалеб гьечIониги гIисинал тIаде рахъунаан, гьес гьикъаралъе жаваб кьей, гIолилазе букIана кIудияб къадрулъун. КIудияс изну кьечIого гIодов чIезе ихтияр букIунароан жанир ругезе.Росулъ ригьин-цIай гьабулеб, бихулеб, рос-чIужуялда гьоркьоб, росабазда гьоркьоб кIалъа-бачаял, кьал ккун суалазулъги ригь аразул чIван кьотIараб рагIи букIана - закон, кIиябго рахъалъ цIунизе кколеб. МагIарул росабалъ цониги суалал цоцалъа рахъуларoан жамагIаталда гьоркьор хараби ахIичIого. Гьел кидаго цересел гIадатал цIунулел чилъун рикIкIарал рукIиналъ. Чан сонал аниги жакъаги нильер чIахIиял руго рагIи бугел, рагIи бильарал, нилъер гIумру ва гIаданлъи цIунараб гIумру бачиналъул кIулал ва ихтияр кодор ругел. Кинан нилъеца гьел кIодо гьарулел, гьедин нилъер лъималаз нилъги кIодо гьаризе ругилан абула.

# ДЕЗИНФЕКЦИЯ ТІОБИТІАНА






**Коронавирусалъул унти багъаричІого букІиналда данде гьарулел тадбиразул цояб ккола дезинфекция гьаби.**

Гьеб гьабулеб лъамалъи букІине ккола Роспотребнадзоралъул бихьизабиялда данде кколеб. Гьединаб дезинфекция тІобитІана районалъул централда гІемерал гІадамал ракІарулеб бакІазда: районалъул централияб больницаялда, поликлиникаялда, кІудияб мажгиталда, ясли – ахалда, сбербанкалъул филиалалда сверухъ. Дезинфекция тІобитІиялъ унти багъаричІого букІиналъе кумек гьабиялда специалистазул щаклъи гьечІо. Гьеб тІобитІана районалъул цІаяздаса цІуниялъул техникаялъул ва специалистазул кумекалдалъун.

**Суратазда:**
Дезинфекция гьабулеб

*будьте бдительны!*

# НОВЫЙ ВИД МОШЕННИЧЕСТВА

**В Дагестане приобретают «популярность», так называемые, зеркальные сайты когда злоумышленники в преступных целях используют сайт, адрес и внешнее оформление которого идентичны официальной торговой интернет-площадке.**

Новая схема мошенничества состоит в том, что после размещения гражданина сообщения о продаже товара, злоумышленники связываются с продавцом через номер указанный в объявлении.

Пообщавшись и войдя в доверие, мошенники пересылают жертве ссылку на липовый сайт где продавец должен зарегистрироваться, введя свои личные данные и данные банковской карты, на которую впоследствии якобы будет осуществлён перевод оплаты за товар.

Как только потерпевший вводит все указанные данные с его счета автоматически списываются денежные средства.

Чтоб не стать жертвой «зеркального сайта» полицейские рекомендуют быть бдительными при онлайн продаже товаров и придерживаться простых правил:

- первым «тревожным звоночком» при данной схеме мошенничества является, что лжепокупатель требует общение через сторонние мессенджеры, хотя все современные торговые площадки дают возможность обсуждать сделку непосредственно на сайте;
- адрес сайта, ссылку на который прислал злоумышленник, очень схож официальным адресом торговой площадки, но всё же, при должном внимании можно заметить расхождения (дополнительные буквы, символы, цифры);
- если вы всё же прошли по ссылке и вели данные банковской карты, в следствии чего с вашего счета произошло списание денежных средств, не введитесь на уловки мошенников о том, что произошла техническая ошибка и деньги скоро к вам вернуться.

Ни в коем случае не вводите ваши данные повторно!

В случае, если вы стали жертвой подобного мошенничества нужно незамедлительно обратиться в отдел полиции.

**ОМВД России по Гергебильскому району**

# Умумузул гІакъилал кицаби ва абиял ....

**Нилъер цересел умумул кирго цІаличІо, лъай босизе рес гьечІониги гІумру бихьун-лъан, гІемерал лъугьа-бахъиназул нугІзал рукІун, рагъал-питнаби рихьун, халккун рукІкІен гІадин бегІерал гІакъилал кицаби ва абиязул авторал ккола. Авторал гъоркь рехсон гьечІониги,гьезул бегІерал магІнаялъул рагІаби нилъехъе щун руго.**

**Жакъасеб къоялда кинаб букІаниги ишалъул лъугьа-бахъиналъул, гІумруялъул лъугьунел ва кколел цо-цо кІвар кьезе кколел бицен гьабулаго пайда босула ва мисалалъе бачуна нилъер гІакъилал чанго ирсалъе тарал кицаби ва абиял.**

- Даруялде черх ккогеги , чияр цІобалде рукъ ккогеги.
- Оц бикъидал къоно тІамурабила , нух бихьидал хьит букъарабила.
- Бициндал тІекъав лъалев , вилълъиндал рекъав лъалев.
- ЦІцІе кІанцІаралъусан бурутІги кІанцІулеб.
- РатІлица чи , чоца багьадур.
- Ханас къураб чол кІалдиве ваккуге.
- МухІамадан пер гуреб, ПатІиматан цІам гуреб. ( тагІам гьечІеб квеналда).
- Метер кунеб мохмохидаса,жакъа кунеб гьоэрго лъикІила.
- Гьари рекъараб, бикъи сурараб.
- ГІемер гаргади гІарац батани, вуцухІин чІей – меседила.
- ГьоцІо тІолебги кІал, загьру тІинкІулебги кІал.
- Нилъер цабзаца ккечІеб, чияр кІалалъ кколареб.

**РУЗНАМА**
**Рекомендуемая советом алимов Муфтията РД для Гергебильского района Республики Дагестан**

## ОКТЯБРЬ

| Дата | Утренний | Восход солнца | Обеденный | Аср | Вечерний | Ночной |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 04:18 | 05:46 | 11:47 | 15:00 | 17:38 | 18:51 |
| 2 | 04:19 | 06:47 | 11:47 | 14:59 | 17:37 | 18:49 |
| 3 | 04:20 | 05:48 | 11:46 | 14:58 | 17:35 | 18:48 |
| 4 | 04:21 | 05:49 | 11:46 | 14:57 | 17:33 | 18:46 |
| 5 | 04:23 | 05:50 | 11:46 | 14:55 | 17:31 | 18:44 |
| 6 | 04:24 | 05:51 | 11:45 | 14:54 | 17:30 | 18:42 |
| 7 | 04:25 | 05:53 | 11:45 | 14:53 | 17:28 | 18:41 |
| 8 | 04:26 | 05:54 | 11:45 | 14:51 | 17:26 | 18:39 |
| 9 | 04:27 | 05:55 | 11:44 | 14:50 | 17:25 | 18:37 |
| 10 | 04:28 | 05:56 | 11:44 | 14:49 | 17:23 | 18:36 |
| 11 | 04:29 | 05:57 | 11:44 | 14:48 | 17:21 | 18:34 |
| 12 | 04:31 | 05:58 | 11:44 | 14:46 | 17:20 | 18:32 |
| 13 | 04:32 | 05:59 | 11:43 | 14:45 | 17:18 | 18:31 |
| 14 | 04:33 | 06:01 | 11:43 | 14:44 | 17:16 | 18:29 |
| 15 | 04:34 | 06:02 | 11:43 | 14:43 | 17:15 | 18:28 |
| 16 | 04:35 | 06:03 | 11:43 | 14:41 | 17:13 | 18:26 |
| 17 | 04:36 | 06:04 | 11:43 | 14:40 | 17:11 | 18:24 |
| 18 | 04:37 | 06:05 | 11:42 | 14:39 | 17:10 | 18:23 |
| 19 | 04:38 | 06:06 | 11:42 | 14:38 | 17:08 | 18:21 |
| 20 | 04:40 | 06:08 | 11:42 | 14:37 | 17:07 | 18:20 |
| 21 | 04:41 | 06:09 | 11:42 | 14:35 | 17:05 | 18:19 |
| 22 | 04:42 | 06:10 | 11:42 | 14:34 | 17:04 | 18:17 |
| 23 | 04:43 | 06:11 | 11:42 | 14:33 | 17:02 | 18:16 |
| 24 | 04:44 | 06:12 | 11:41 | 14:32 | 17:01 | 18:14 |
| 25 | 04:45 | 06:14 | 11:41 | 14:31 | 16:59 | 18:13 |
| 26 | 04:46 | 06:15 | 11:41 | 14:30 | 16:58 | 18:12 |
| 27 | 04:47 | 06:16 | 11:41 | 14:28 | 16:56 | 18:10 |
| 28 | 04:48 | 06:17 | 11:41 | 14:27 | 16:55 | 18:09 |
| 29 | 04:50 | 06:19 | 11:41 | 14:26 | 16:54 | 18:08 |
| 30 | 04:51 | 06:20 | 11:41 | 14:25 | 16:52 | 18:07 |
| 31 | 04:52 | 06:21 | 11:41 | 14:24 | 16:51 | 18:05 |

# БухIараб бакI кин сах гьабилеб ?

**Цо хIалалда чIун рукIунаро нилъер лъимал. Гьезие лъугьунареб жо букIунаро. Тункарабги, къотIарабги, бухIарабги ва цогидабги тIаде ккола нилъер рукъалъулай «тохтур» эбелалде. БухIараб лъим тIаде ун, багIарараб алаталда хъван лъугьа-бахъиналдаса цIунарал рукIунаро я лъимал, я чIехIел. БухIараб бакI гьитIинаб бугони рокъобго дару гьабун сах гьабизе. ЗахIматаб хIалалда ругъун бугони,«Хехаб кумек» ва тохтурзаби тIаде щвезегIан гьабизе бегьулеб ва кколеб лъани цIакъ лъикI букIуна.**

Хасго печаздаса битIун пайда босунгутIиялда бан, больницабазде кколел гIемер рукIуна. Цо-цоязин абуни хIаракат бахъула щиб бугониги бакI бухIарал лъимал рокъорго сах гьаризе. Киназулго гурелъулха больницаялде ине рес букIунеб, хасго магIарухъ росабалъ. ТIоцебесеб кумек кин гьабизе кколеб, гьелда бухIараб лъим ани яги, тохлъи ккун, щиб бугониги бакI бухIани, тIоцебесеб иргаялда, хехаб кумек ахIизе ккола. Тохтур тIаде щвезегIан лъимадул бухIараб бакI 15 минуталъ краналдаса чвахулеб лъеда гъоркь ккезе ккола. Гьеб заманалда лъимадуе кьезе ккола гьелъул унти бигьа гьабулеб дарман, мисалалъе, нурофен. АскIоб аптека батани, босила бепантен яги пантенол абураб тIад речIчIизабулеб дару. БухIараб бакIалде пантенол речIчIизабуни, унти сасуна ва бухIараб бакIалда лъугьарал къучIби ракъвазарула. Гьеб хIалтIизабизе бегьула бакъуца тIом бухIун бугониги. Гьел дарманазулъ букIуна найил хIе, парафин, перекисалъул кислота, цетеариловияб спирт, лъим. Гьел дарабаз кумек гьабула бухIараб бакIалда бугеб тIом хехго цIилъизабизеги. Пантенол батичIони, хIалтIизабизе бегьула олазоль дару. Гьелда гъорлъ букIуна цебегоялдаса нахъе нилъер чIахIияб гIелалъги бухIараб бакI сах гьабизе хIалтIизабулеб букIараб гъарцIи ва ругъун бацIцIад гьабулел цогидал жал. Цебегоялдаса нахъе гъарцIиялъул нах хIалтIизабулаан бухIараб бакI сах гьабизе. Амма аллергиялъул унтаби ругел гIадамазде гьелъ аллергия базабизеги бегьула. БухIараб



бакI цIакъго гьитIинаб бугони ва гIицIго багIарлъи рехун гурони лъугьараб жо гьечIони, рокъобго дару гьабизе бегьула. БухIараб бакI кIудияб бугони, къучIбиги лъугьун ругони, хехаб кумек ахIила яги тохтурасухъе больницаялде бачина лъимер. Нагагь бухIараб бакIалда хадубккун чанхъ яги хьверд лъугьун бугони, лъикIаб буго къойида жаниб кIиго нухалда левомеколь бахине ва катаналъ бухьине.

БухIараб бакIалда ретIел хъвазе бегьуларо. РетIел хъвачIого бегьуларeб бакI батани, бацIцIадаб бинталъ бацине ккола. Амма, кIочене бегьуларо, бухIараб бакI гьава чIваледухъ рагьун бугони, хехго сахлъула», - ян абула тохтурзабаз.

ТIоцебесеб кумек нагагь, рокъоб дару-сабаб гьабулелъул, лъимер лагIдолеб бугони, яги 12 сагIаталдаса цIикIкIун заманалъ цIа-кан гIодобе кколеб гьечIони, ялъуни, бухIаралдаса хадуб сордо-къо индалги, унти цIикIкIунеб, бухIараб бакI собон бугони, лъимер тохтурасухъе бачине ккола. ТIоцебесеб даражаялъул бухIи бугони, тIом багIарлъула, амма къучIби лъугьунаро. КIиабилеб даражаялъул бухIи бугони, багIарлъиги букIуна, гIисинал къучIбиги лъугьуна бакI-бакIазда.

ТIоцебесеб ва кIиабилеб даражаялъул бухIараб бакIалде тIаде чвахун бачIунеб цIорораб лъим биччазе ккола, 12-18 градусалъул лъим биччазе ккола 15-20 минуталъ. ЦIорораб лъим тIаде биччан хадуб, бухIараб бакI бацIцIадаб ва дагьабго биччараб чIартица бацинабила (полотенцеялъ, катаналъ ва цогидабги синтетикияб гуреб ххамалъ). Лъабабилеб даражаялъул бухIиялъин абуни цIакъго кIудияб ругъун лъугьинабула. Гьединаб хIалалда бухIараб бакI бугони, дагьабго биччараб ва бацIцIадаб чIартица бацина, амма цебеккунго цIорораб лъим тIаде биччазе бегьуларо. Унти къотIизабизелъун кьезе бегьула парацетамол яги ибупрофен. Кверал яги угъдул рухIун ругони, килщазда гъоркьоб биччараб ххам лъезе лъикIаб буго. Килщазда баргъичал яги рукьалда курхьен ратани, гьелги хехго нахъе рахъила. Тохтурасухъе ине рес ккезе кумек ахIизе ккола: - лъабабилеб даражаялъул бухIи бугони, кигIанасеб бакI бухIун бугебали батIалъи гьабичIого; - кIиабилеб даражаялъул бухIи бугони, черх бухIарав чиясул хъатгIанасеб бакI бухIун бугони; - тIоцебесеб даражаялъул бухIи бугони, ай тIомол хъатгIанасеб бакI багIарлъун, гьорон бугони; - гъумер, щекер, рукьбузул рищи, кверал рухIун ругони.

**БухIараб бакIалъе гьабизе бегьуларо:**

- лъабабилеб даражаялъул бухIи бугони, лъим тIаде биччазе;
- цIакъго цIорораб лъеца бухIараб бакI цIорозабизе;
- бухIараб бакIалда рекIараб ретIел нахъе бахъизе;
- бухIараб бакIалда лъугьарал къучIби рихъизе;
- бухIараб бакIалда квер хъвазе;
- бухIараб ругънада квас-квас, цIер, пластырь чIвазе;
- ругънада щарил, хурдузул нах, тIорахь, бетарахь лъезе;
- бухIараб бакI бакъвазегIан кремал, мазал ва цогидалги гьездаго релълъарал жал рахине;
- порошок гIадал жал, присыпкаби ругънаде щвазе;
- йодалъ, зеленкаялъ, водородалъул перекисалъ, спирталъ бацIине.

**Интернеталдаса босараб.**

***ХIакъикъияб - божизе захIматаб***

# ХъегIело



**Гьалда кколеб букIана жий макьидаса йорчIун йигин. Гьелъие захIмалъулеб букIана хIухьел босизе цо квешаб гьаракь бахъана гIинзуниб. Гьелъ гIамал гьабуна тIаде яхъине, амма сунцаялиго квал-квал гьабулеб букIана.. Цинги гьелде цебе бачIана цо цIар лъезе лъалареб жанавар, гьелъул цояб рахъ маймалакалда, цогидаб рахъ - гIадамасда релъараб букIана. Гьей жеги цIакъ хIинкъана «жанаваралъ» гьелъул кIалалда хъатги чIван, ахIдезе рес кьолеб букIинчIо.**

**ГIинзуниб бахъараб гьаракь жеги цIикIкIине лъугьана, жий «жанаваралъ» гьанкъулей йигин ккана.**

**- Щиб дуе, бабал месед? – абун эбелалъ йорчIизаюна дун макьидаса. Гьей хурхана эбелалда сородилаго, жий «жанаваралъ» гьанкъулей йикIиналъул бицине жуяна. Гьалъ бицунеб бичIчIизе захIмат бугониги, эбелалда ясалъе ккараб бичIчIана ва тIокIалъ жинца дуда гьеб биччаларинги абун гIодой йиччазаюна. Гьелдаса хадуб дун егулелъул къаданиб кIвекьмах лъолаан.**

Гьеб рехсараб лъугьа-бахъин ургъун бахъараб гуро,гьеб буго чIван къотIараб ккараб, ясалъул цIарги ургъунго хъвачIо. ГIемеразда рагIун батила хъегIелабазул бицунеб. Гьеб ккола цIакъ бичIчIизе захIматаб, хIакъикъат лъалареб гIаламат. Инсан кьижараб мехалъ рагьаризе кIунгутIи, хIухьел цIазе захIмалъи, каранда тIад бакIлъи - гьел руго гьелъул гIаламатал. Цояз гьеб чорхол хIаллъун рикIкIуна, цогидаз «хъубал жал» шайтIаби, жундул, цогидал жал ругилан тола.

Щиб жо кколеб хъегIело? Гьаб ахирияб заманаялде щвезегIан гьеб щибали лъалеб букIинчIо. ГIалимзабазулги цо ккураб жаваб букIинчIо. Чанго соназ цебе Гарвардалъул университеталъул профессор, неврологиялъул ассоциациялъул гIалимчи Даниэль Грейица чIезабуна гьеб щибали. Гьеб бараб бугин бетIералъул хIалтIиялда, ай гIадалнахалъул ахIвал-хIалалдаян чIезабун буго гьес. Гьесул рагIабазда рекъон, гьединаб хIал чиясул лъугьунеб буго макьидаса ворчIулев гIужалъ. Макьуялъул цIех-рехазул гIалимзабаз (сомнологаз) чIезабун буго инсан кьижун вугев мехалъ гьев «хехаб» макьуялдасан, дагь-даккун «хIенцаб» макьуялде вачIунин, гьелдаса хадуб гурони ворчIуларин. ХъегIелабаз «рахIат толарел» гIадамазул заман - заманаялдасан гьеб тартиб холеб буго. Гьеб мехалъ лъугьунеб буго компьютер чIун хутIараб ( «зависать») мехалъ гIадаб асар, ай инсан ворчIизе кIоларого хутIулев вуго. Гьеб мехалъ гьесда цере тIамулел руго батIи - батIиял жал, черх хIал хисун лъугьунеб буго, гIундузда жаниб квешаб гьаракь бахъунеб буго, вагъаризе ва гьаракь гьабизе кIолеб гьечIо. Гьеб хIал лъугьиналдаса гIадамал якъинаб буго хIинкъула. Гьелда щибаб халкъалъ лъурал цIаралги руго гIурусаз « стень», ингилисаз «брауни», магIарулаз «хъегIело».

Щибаб халкъалъул гьелдаса цIунизе ургъарал къагIидаби руго. Диниял гIадамаз дугIаалхIам цIалани лъикIаб букIунин, тохтурзабаз парахалъи цIунизе кколин абула, гIадатиял гIадамаз - нус яги кIвекьмах къаданиб лъола.

Учредитель: администрация муниципального образования "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIараздa гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 21.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 1000 экз.*

Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.
Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.

*«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес

Индекс 51350.
Цена свободная.

Подписано в печать 24 сентября 2020 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00